

# PUSAKA KUDJANG



TI  
GUNUNG

WAJANG I

ku-Ki MASRAM

*Teddy-5-*

USA  
KUDJANG



THE  
GUMING  
WALAWAW



P U S A K A



**KUDJANG**

TI GUNUNG

WAJANG

KA 10

KARANGAN

★ K I M A S R A M. ★

Diterbitkan ku Penarbit ★ B A H A G I A ★  
B A N D U N G

---

1970

Gambar kulit dilukis ku — TEDDY. S —

★★★★★

★ Pangaosna: Rp . 70 . — ★

★★★★★

Surat iZin No. Pol. 268 —I/NBT/BIN/70.  
KOMDAK VIII Djabar "Langlang Buana"  
Telah diperiksa dan disetudjui untuk diedarkan.

**P**ikeun kadua kalina Masitoh jégalan pati djeung Perbawa katut Djarot bapana, bareto mah Masitoh teh bisa kuat ngalawan lila, da lamun teu ditulungan ku Barasantja mah, pasti Masitoh adjal saharita, tapi ajeuna Masitoh bener<sup>2</sup> nembongkeun ka kuatanana, sagala ilmu panemu nu geus katarima ti aki Tarmidi harita digunakeun, atuh puguh Djarot djeung Perbawa rada kawalahan.

Komo keur perbawa mah, ku kakara sadjurus dua djurus oge geus ripuheun pisan, sabab unggal nje rang oge teu weleh molos malah manehna sorangan nu malik kabeunangan ku Masitoh.

Djarot nu kasebut djago oge, harita mah geus teu bisa loba paningkah, ilmu tanaga batin nu djadi andelanana oge harita mahteu pisan aja paedana, saki tu serangan tjepet lir kilat, tapi ku Masitoh terus terusan katahan puguh ahirna mah hate Djarot jadi rada ngariut kasombonganana ngadadak ngaleungit, kawanina oge rada ngurangan.

Ari Masitoh angot kalah beuki hebat wae seranganana teh, gerakna beuki kesit tjingeus alahbatan meong tjongkok lamun neunggeul henteu katara nja ho<sup>2</sup> peureupna teh geus njajang kana awak musukna.

Djebet deui djebet deui Perbawa ka teunggeul, angot ngadjadikeun kaambek Perbawa beuki nambahan, siet ngalugas bedogna, sebrut naradjang bari bedog di heumbat ngarah kana beuheung Masitoh.

Tapi Masitoh kesit ngagiwar bari leungeuna newak leungeun Perbawa, kep beunang terus di tungkup rek terus di kontji, atuh Perbawa teredjel bari bedog di bubuk babuk. Iep ku Masitoh di lelepkeun ka handap ku Perbawa oge di tahan sakuat tanaga, orokaja tanaga Masitoh teu lalawora, sabab harita teh di barengan ku tanaga batin nu rongkah.

Perbawa neredjel sakuat tanaga, bari awak rek malik, tapi teu kanjahoan deui bedogna teh malik nga gabres kana beuheungna.

Atuh djerit Perbawa ngadjerit, beuteung bedah getih ngagolontor ka luar teu beda ti tjai pantjuran, sot ku Masitoh di lesotkeun gubrag Perbawa terus kokosodan nu teu lila ti harita terus teu usik deui Perbawa tinemu adjal.

Nendjo anakna ngadjepat geus teu njawaan teh, Djarot beuki kekerot, napsuna beuki ngagedur nu ahirna djadi nekad rek narobkeun hirupna.

„Sjetan bikang siah ..... awas andika kudu narima wawales ti kula, djiwa anak kuja kudu di tebus ku njawa andika setan!" tjeuk Djarot bari siet bedogna di lugas, srog madju ngadeukeutan Masitoh bari terus bedog teh di koletjerkeun, sorana mani bang baraan matak paur, matak inggis sieun beuheung kasabet bedog.

Ari Masitoh katempona teh siga nu tenang nake-  
ran: srog pasang deui kuda? panon seukut ngawas  
keun gerak musuhna.

„Geura lugas siah bedog teh! sok geura madju,  
urang ngadu djiwa ajeuna mah!, hajoh siah geura  
tjabut tah bedog teh?” tjeuk Djarot.

„Kula mah tara tuman make pakarang, ari andika  
rek make bedog mah, nja pek teuing kula oge mo-  
al njarek, tur moal sieun sanadjan ngalawan kuleu  
ngeun kosong ge, andika mah ulah hariwang ding  
ngedjatkeun, tjadu ajeuna mah ari kula kudu nge-  
djat ku pantar andika mah!

Sabalikna kula rek menta njawa andika kanjeri  
djeung kawirang kula anu ti heula, ajeuna rek dipu-  
jangkeun ka andika na dikira kula teh rek ngedjat  
ku nempo gurilapna bedog andika!

Emh moal jeuh kula mah moal ngedjat maksud  
tudjuan matak lunta ti lembur ge njaeta rek nea-  
ngan andika, ari ajeuna panggih di dieu. sjukur we-  
kula teh teu kudu tjape deui neangan, da tinggal  
andika wungkul atuh nu diteangan teh sabab si Ba-  
rasantja mangkukna geus diberesan ajeuna tinggal an-  
dika sok Dj rot geura siap<sup>2</sup>an dika sabab sikeudeung  
deui andika teh bakal dikirim ka narak!” tjeuk Ma-  
sitoh teuneung ludeung semu nu taja kasieun  
Pisan.

„Sjetan bikang kurang adjar andika! wani lantjang  
siah hareupeun si Djarot?!”

Na bareto teh teu karasa waktu andika rek dipodaran ku kula? lantjang pisan siah, abong biwir teu di wengku, letah teu tulangan, gagabah siah, make rek njabut njawa sagala, paling ge andika nu kuku la dipodaran, tah anak kula geus korban, ajeuna an dika, kudu modar ku leungeun kuja!

Sok geura tjabut tah bedog teh supaja kula teu kagok modaranana! tjeuk Djarot bari segrok nga reuhak, ketjrot ditjidubkeun kahareupeun Masitoh.

„Teu tuman make bedog kula mah, djeung naon kagok na muu kula lemor naha andika teh era pe dah ngalawan awewe lemor?”

„Montong loba omong siah geura tjabut tah bedog teh!” tjeuk Djarot deui bari kekerot.

„Ari kahajang andika kitu mah nja teu nanaon! heug ku kula di ladeunan” tjeuk Masitoh bari siet be dogna dilugas kakara oge ngalugas bedog sebrut Djarot naradjang atuh Masitoh teu bisa nakis da waktuna mani samporet pisan da lamun seug wae lain Masitoh geus tangtu bedog Djarot teh bakal menta djiwa bakal ngujup getih untung ninggang di Masitoh kesit pisan harita oge luntjat ka luhur nga luntjatan awak musuhna.

Hiuk bedog Djarot meulah angin barang malik te tela Masitoh geus aja di tukangeunana atuh puguh Djarot mani molotot amarahna beuki ngalenta srog madju deui kahareup bari awakna mani ngadegdeg beungeut eutjeuj geuneuk kawas beusi nu atah meuleum.



„Rek ngedjat kamana siah !? hajoh njinghareup montong luluntjatan kitu! na andika teh rek uutjangan?" tjeuk Djarot.

„Memang rek gelut ngan andika nu bodo naha atuh bedog teh make di sabetkeun kana angin, nja ho kula mah luntjat ka luhur, kalah hajoh njabetkeun bedog ka handap, belet geuning andika teh!" tjeuk Masitoh ngahina ka musuhna.

„Gandeng siah kurang adjar !" tjeuk Djarot bari sebrut deui manehna naradjang bedogna ngahiuk ngarah kana beuheung Masitoh, ajeuna mah Masitoh kesit ngangkat bedogna, trang dua bedog di adu ti na ku tarik<sup>2</sup>na nepi ka ngaburinjaj.

Djarot naker tanagana ngadedetkeun Masitoh oro kaja Masitoh oge teu tjitjingeun, tanaga batinna di kumpulkeun dina leungeun katuhu; dipake nahan bedog Djarot, atuh sakedapan mah duanana silih sered silih dedetkeun, ngan wae beuki lila mah Djarot djadi beak tanaga, solontod Djarot njolontod ka tukang.

Keur kitu ku Masitoh di boro, hiuk bedogna nga lajang kana awak Djarot, tapi Djarot oge teu ngantep awakna di kadek ku musuh, kesit manehna luntjat ka beulah kentja atuh bedog Masitoh njeplos njabet angin dina waktu nu sakitu simporetna Djarot ngagunakeun ka sempetan bedogna di heumbat di arahkeun kana kekemplong Masitoh, nu larit Masitoh teh keur nonggongan dumeh wae tjan bisa ngarobah kuda<sup>2</sup>na.

Tapi pantja indra Masitoh bener<sup>2</sup> geus kalatih sa kitjeup geus bisa nganjahoankeun ajana bahaja atuh kesit neangan djalan keur kasalametan, tetela tjeuk pikirna, mun malik bari nahan bedog musuh mah geus euweuh harepan sabab geus euweuh kasempetan pisan, atuh euweuh deui djalan, iwal ti kudu luntjat ngadjauhan, atuh djleng wae luntjat kaha reup bareng djeung kitu, bedog Djarot ngalajang kana tempat urut tjitjingna Masitoh.

Mireungeuh seranganana terus<sup>2</sup>an teu mawa hasil Djarot angot djadi beuki kalap, lat poho di temah widi, seranganana djadi ngawur kawantu kadjurung ku napsu nu ngagegedur.

Harita keneh oge Djarot terus ngaberik Masitoh ku serangan<sup>2</sup> nu matak ngabahajakeun, atuh Masitoh rada oge ripuheun, ngan untung manehna geus loba pangalaman, djadi sanadjan ripuh oge Masitoh tetep bisa ngadjaga kasimbanganana.

Hiuk bedog Djarot ngalajang deui ngarah kana beuheung Masitoh, trang ku Masitoh ditahan ku bedog na bari sakilat leungeun kentjana njodok kana beuteung Djarot, atuh puguh Djarot ngarengkog bari panon molotot sabab eungap.

Waktu Djarot undur Masitoh geus teu mitjeun deui ka sempetan, djebrod deui peureup kentjana meupeuh kana beungeut Djarot, djebrod . . dangheun ak sungut ngaluarkeun getih malah huntuna oge punglik sadua dua,

Djarot luntjat undur ngadjauhan, srog deui pasang kuda<sup>2</sup>, panon beuki buringas hate djadi nekad, se brut teh naradjang deui njebrut lir banteng bajangan bari bedog geus siap diheumbat.

Gilek Masitoh ngagilek njingkahan . . . solontod Djarot njolontod kabawa ku tinagara sorangan, dak ku Masitoh di djedjek lebah bobokongna' atuh solontod gubrag wae Djarot nangkuban tapi manehna ke sit hudang deui bari gigibrig.

„Njata pinter geuningan andika teh nja? guguru ti saha andika teh hah?. sebutkeun slah saha guru teh?” tjeuk Djarot bari ngusapan sungutna'

„Teu perlu nanjakeun guru! djeung rek naon atuh perluna make hajang njaho ka guru kula teh?” tjeuk Masitoh bari menerkeun pasangana.

„Hajang njaho we blisi sarua djeung guru kula ”

„Wah djauh tanah ka langit ari kudu saguru mah guru kula mah moal tjara guru andika moal nitah djahat emh loba omong teuing naha andika teh bet djadi lemah sieun modar hah?”.

„Eit gampang we slah ngomong teh jeuh si Djarot teh lain sieun ku andika kurang adjar slah!” tjeuk Djarot bari siap rek njerang deui.

„Prak geura tembongkeun kadigdjajaan andika teh jeuh si Masitoh bakal males dendam mulangkeun kanjerian ka andika ajeuna pisan waktuna andika dikirim a naraka hirup di dunja ge andika teh ngan wangkul ngaributkeun ngatjowkeun!

„Der! Djarot ulah ngalobakeun teuing omong mun bener andika djago, geura tembongkeun, nepi ka mana kadjagoan andika teh?” tjeuk Masitoh.

Rasakeun siah kuntilanak” tjeuk Djarot bari djleng luntjat naradjang, bedog ngalajang tjepet lir kilat tapi Masitoh leuwih kesit ngagiwar. bari awak dongko saeutik, sedeng bedogna diheumbat hiuk . . . Bret! teu ampun deui terus ngagabres kana beuteung Djarot atuh. Djarot mani ngotjeak, getih tina beuteungna mani njurulung ngabajabah maseuhan taneuh handapeunana!

Sanadjan geus bedah beuteung oge, Djarot masih keneh panasaran, hiuk bedogna disabetkeun deui, tapi da puguh geus beak tanaga, tibatan bisa ngeunaan; wak Masitoh mah kalah pluk wae ragrag bareng djeung awakna ngagubrag.

„Aduhhh . . .” tjenah bari tanggah neuteup ka Masitoh nu ngadjanteng luhureunana.

„Wawales tina kalakuan nu tiheula ajeuna ku andika karasa tah kieu buktina kieu abirna matak oge ari djadi djelema ulah asa aing teuing, pek rarasa keun we ajeuna mah” tjeuk Masitoh.

„Emh . . . aduhhh” tjeuk Djarot teu bisa ngomong sabab tikoro njelek eungap lain dikieuna atuh teu . . . renghap les kerelek Djarot si Djago nu kakon tjara teh adjal ku leungeun Masitoh.

„Pek rasakeun tah kitu wawales djelema nu sarakah tukang migawe nirtja teh djelema durdjana teh . . . emh Djarot, rasakeun we ku andika . !”

Demi harita Kartowidjojo nu keur ngarep<sup>2</sup> ngadagoan Djarot djeung Kartowidjojo mani geus tji-lingtjingtjat teu sabar, dumeh wae geus sakitu ka lilaanana nu di arep<sup>2</sup> tjan keneh embol<sup>2</sup>.

„Emh naha ieu teh lila<sup>2</sup> teuing? da pegateun mah tadi oge meureun geus ngaliwat, naha meunang rin tangan kitu? bisa djadi . . . biasana oge tara lila kieu' emh aing djadi panasaran hajang njaho ku aing rek di susul !” tjeuk Kartowidjojo bari gedjlig turun ka luar ngagedig rek njusul Djarot djeung Perbawa nu di pake kahariwangna.

Teu katjaturkeun di djalana, Kartowidjojo geus nepi ka tempat pamegatan, atuh katjida ngarandjug na barang nendjo Djarot djeung Perbawa geus nga djelepeng teu empes<sup>2</sup> teh.

„Aduhhhh . . . paingan teuing aing teu ngeunah hate! emh saha jeuh mangkelukna nu geus kuma- wani njeun kieu peta? rasakeun si Kartowidjojo b kal njeun balitungan!” tjeuk Kartowidjojo mani ngadegdeg tina ku teu tahan ku amarah.

Berebet manehna lumpat niatna rek ngaberik nu ngabinasa Djarot, puguh Masitoh mah leumpang dina palebah tikungan oge ku Kartowidjojo teh geus ka susul, reg Kartowidjojo ngarandeg bari neu teup ka Masitoh hatena njuriga teu njuriga dumeh wae ka awewe' da manehna teu pati yakin lamun a ja awewe nu bisa maehan Djarot djeung Perbawa mah sedeng Masitoh oge kitu teu njangka mun Ka towidjojo teh baturna Djarot.

„Hej ari andika tas ti beulah Kulon bieu teh hen teu?" tjeuk Kartowidjojo nanja.

„Enja ari kitu rek naon?" tembal Masitoh,

„Njaeta kula teh rek nanja, naha andika manggihan aja nu paeh henteu?"

„Manggihan, ari kitu kumaha?"

„Sugan andika njaho, kusaha dipaehanana?" tjeuk Kartowidjojo nanja deui.

Gebeg Masitoh ngagebeg hate mah geus teg we njangka goreng ka Kartowidjojo, emh pasti ieu dje lema baturna si Djarot, matak manehna lulumpatan oge meureun rek neangan aing, emh untung we manehna tjan apaleun keun bae ku aing rek dibohongan sabab aing embung ngalanan dumeh wae aing teu boga urusan djeung manehna" kitu tjeuk go rentes Masitoh niat moal rek terus terang lain teu wani ka Kartowidjojo ngan wae ngarasa teu boga hubungan panggih oge apan kakara harita.

„Njaeta kula mah teu njaho sabab waktu kula nga liwat kadinja kasampak geus paeh djadi teu njaho dipaehan ku saba<sup>2</sup>na mah" tembal Masitoh bari api<sup>2</sup> siga nu reuwas.

„Nu bener?" tjeuk Kartowidjojo rada bedas.

„Keur naon kula ngabohong oge taja hasilna ari kitu andika teh dulurna?"

„Lain dulur tapi babaturan ngan teu ngeunah we ari nempo sobat aja nu ngabinasa mah emh eta su an tadi andika nempo aja djelema esdjen di lebah dinja teh henteu?" tjeuk Kartowidjojo

„Henteu!” tembal Masitoh pondok.

„Ku saha atuh nja . . . ? ?

„Tjoba we tanjakeun kanu sedjenna, da kula mah enjaan teu njaho?”

„Ari andika rek lamana, geuning mawa bedog sa gala kawas lalaki wae?”

„Ah keur ngala suluh we ieu mah lumajan keur batur keueung” tjeuk Masitoh.

„Tapi siga<sup>2</sup>na mah andika teh pinter silatna rada beda dina rigigna oge, djeung siga nu tjape tas gelut? enja kitu andika teh tas gelut ?” tjeuk Kartowidjojo njeba njelok ka Masitoh.

„Bororaah bisa silat, teu bisa ngegel<sup>2</sup> atjan kula mah, ieu kesangan kieu lain tas gelut tapi tjape ku entas leumpang djauh” tembal Masitoh.

„Nu bener?” tjeuk Kartowidjojo.

„Har kunaon andika teh bet nanjakeun kitu ? naha tjuriga ka diri kuring?” tjeuk Masitoh njentak.

„Lain tjuriga kula mah nanja we, naha teu meunang ari nanja? bet galak geuningandika mah!” tjeuk Kartowidjojo bari njerengeh seuri-hatena mah rada oge njentud di sentak ku Masitoh teh, tapi teu terus djadi napsu sabab nempo ka awewe ongkoh deui manehna mah ka awewe teh tara daekeun kasar.

Naha atuh nanjana siga nu njuriga pisan tjeuk ku li oge kula mah teu njaho, apan tjukup sakitu oge” tjeuk Masitoh deui bari djamedud.

„Tong bari sesentak atuh da kula oge nanja teh bari djeung sopan, naha atuh andika mah bet njengor.

„Bongan tuda teu pertjajaan? teu tjukup ku didja wab sakali! kawas hakim wae nanja teh”.

„Hampura we atuh nja?, puguh ge kula teh keur napsu, hampura we nja?” tjeuk Kartowidjojo.

„Napsu kabatur make dibudalkeun ka kula na asana teh . . .” tjeuk Masitoh bari ngaleos ninggal keun Kartowidjojo.

„Hej!, rek terus kamana andika teh?”.

„Ka Wetan . . .” tembal Masitoh djongdjon leumpang geus teu ngalieuk deui katukang.

Atuh Kartowidjojo ngahuleng sorangan, manehna djadi bingung ku pilampaheun, sabab batur geus ninggalkeun . . . emh teu sangka Djarot, andika ku du paeh bareng djeung anak. tjita<sup>2</sup> andika teh moal kalaksanakeun ajeuna tinggal kula sorangan do'akeun we nja, ku'a tjing hasil bisa ngarebut eta Pusaka ti leungeun Santana” kitu tjeuk gerentes hate Kartowidjojo bari leos manehna balik ka imahna, ngabere san pakean heula, geus kitu kintjid deui indit niat na tetep rek neangan Pusaka Kudjang Padjadjaran .

— oO★Oo—



**M**asitoh geus teu ngingetkeun katjape, manehna terus ngasruk, ngadatangan ka unggal lembur, mariksa ka tiap Desa, keukeuh panasaran hajang neangan anakna nepi ka kapanggihna.

Sanadjan loba halangan, Masitoh teu pondok pang harepan, sabab manehna yakin jen anakna teh hirup keneh, geus sabaraha rebu Lembur ka asruk, geus ratus<sup>2</sup> Desa didatangan, tapi Masitoh tjan keneh bisa panggih djeung nu diteangannana,

Nepi ka poe harita Masitoh, datang ka daerah Djampang . . nu dina waktu harita teh Santana geus euweuh didinja, djadi teu bisa panggih, kusabab di Djampang tetela euweuh, kintjid deui Masitoh indit ka djurusan Kulon, bari sadjadjalan teu weleh tatanja sugan djeung sugan meunang bedja nu bisa netelakeun dimana ajana Santana.

Masitoh datang ka hidji kampung, Kuloneun Djampang didinja manehna ngareureuhkeun heula katjape, gek diuk handapeun tangkal kai di sisi djalan bari suku njanghundjar lambar, kawantu leuleus djeung tjape urut leumpang sakitu djauhna nepi ka siga nu ni'mat sakitu disisi djalan rame geus teu era deui kunu ngaliwat badju ledrek teu beda we djeurg nu keur baramean.

Demi harita ti Wetankeun ngagedig tilu djelema leumpangna siga nu rusuh, kawas aja nu keur di udag, horeng manehna teh Barada. Ondo djeung Ursip nu keur njusul Santana djeung Lesmanawati ( aos deui djilid anu ka salapan ).

„Aduh tjape euj Do dewek mah !” tjeuk Ursip bari Iri ngusapan kesangna, biwir njengir; sigana teh geus euleuseun pisan, da eta we mani hah heh hoh.

„Alaah kakara oge leumpang sakieu geus njebut tjape, kono dewek mah bareto, waktu ka Merak tu djuh poe tudjuh peuting leumpang dur terus teu tjape teu naon” tempas Ondo, siga nu hajang kapudji hajang kapake ku Barada guruna.

„Bener Do kudu kitu euj, mawa si Ursip mah ri weuh geuningan teu bisa dibawa kesit” tjeuk Barada bari ngareret ka Ursip, atuh Ursip maksakeun njerengeh seuri, da sieun ari ditjarekan mah.

„Hehehe . . da kuat keneh abdi ge djuragan guru” tjeuk Ursip bari seuri.

„Naha atuh bieu njebutkeun geus tjape?”.

„Ah henteu, sanes tos tjape sun, hojong reureuh heula bari ngopi tape hehehe . . .” tembal Ursip.

„Ari hajang reureuh mah, tuh di ditu di hareup geuningan aja tangkal kai gede, iuh tiis sigana teh hajoh buru<sup>2</sup> leumpangna!” tjeuk Barada da puguh manehna oge sarua tjape sarua hajang reureuh heula gedig tiluanana beuki segut we leumpangna teh da hajang buru<sup>2</sup> istieuh t.

Tiluanana reg ngarandeg palebah tangkal kai gede, nu dipake ngiuhan ku Masitoh.

„Didieu we reureuh mah, da djauh keneh ari ka jembur mah . . . keun engke reureuh deui di warung bari sakalian ngadon dahar” tjeuk Barada, bari gek manehna diuk.

„Aduh mani tiis kieu nja Do! ngan handjakal we nja euweuh tukang lahang tukang lahang atj n keur hanaang kieu teh” tjeuk Ursip.

„Sugan we atuh euj aja nu ngaliwat” tjeuk Ondo bari gek manehna oge diuk, nu kabeneran rada padeukeut djeung Masitoh, tadina mah boh Ondo boh Ursip teu njahoeun aja Masitoh, njaho<sup>2</sup> soteh sang geus ngareret ka tempat Masitoh, nu pernahna rada anggang, da Masitoh mah diuk dina handapeun tangkal kai nu hidji deui, ngan wae eta tangkal kai teh parendeng teu pati djauh.

„Aja djelema itu euj!” tjeuk Ondo noel ka Ursip bari leungeuna nu hidji deui nundjuk ka Masitoh nu ditoel gantjang ngalieuk tjikikik we manehna seuri njeungseurikeun Masitoh pedah wae pakean Masitoh kutjel tur geus saroeke.

„Nu baramaen meureun euj! aduh eta pakeanana mani herang kitu nja?” tjeuk Ursip.

„Lain herang eta teh tina bakatning ku dekil emh djeung bauna oge ka ambeu ka dieu euj bisa<sup>2</sup> ong kek jeuh dewek mah ----- tjeuk Ondo bari mentjet irungna abong kanu katempona kuleuheu mani ngahina nakeran.

Masitoh mani ngaheab barang ngadenge omongan Ondo djeung Ursip kitu teh, sereset hatena karasa peurih asa dibeset, sahenteuna geus dihina atuh njel wae Masitoh ambek, niatna mah rek ngoredjat tjeng kat njampeurkeun nu ngomongkeun ngan wae Masitoh sadar, teu pihadeeun riributan djeung djelema nu teu bersangkutan, atuh manehna ngagodekeun ka sabaran niatna teu diteruskeun.

„Kurang adjar djelema teh emh abong kanu rupa kieu sangeunahna we ngomongna teh wadjib diwarah djelema model kieu mah tapi keun wae aing moal rek njieun kaributan .....

„Aduhh seungit sate euj” tjeuk Ondo.

„Naon maneh teh Ondo dimana aja tukang sate ma ke njebutkeun seungit sate teh?” tjeuk Barada.

„Itu djuragan guru tuh keur ngeluk gauning nu dagangna oge” tjeuk Ondo bari nuduhkeun ka Masitoh atuh Barada oge ngabarakatak seuri

„Hahahaha . . paingan atuh irung dewek ti tadi iingsreuk<sup>2</sup>an wae ari aja bau embe badot mah mun ngabedjaan ti tadi meureun dewek ge moal eureun di dieu” tjeuk Barada bari ketjrot<sup>2</sup> tjumiduh.

„Langkung ti bau embe badot ieu mah djuragan! guru baun nu pang nomer wahidna weh da eta anu kitu mah boa tara tjetjewok<sup>2</sup> atjan hahaha .....

” tjeuk Ursip atuh dug tjenah karasana ku hate Masitoh mah matah seueul eta nepi ka kekerot geregeteun ngan tetep k ambekna ditahan keneh

„Bisa djadi euj da kieu geuning bauna oge' sa-  
djam we bisa kapaehan euj" tjeuk Barada bari ko  
redjat tjengkat terus ngeprukan tjalanana.

„Ajeuna oge abdi mah mani tos leng'an kieu....  
urang ngalih we atuh djuragan guru, tjeuk Ondo  
ngadjakan pindah, bari panon terus meletet ka Ma-  
sitol, siga nu ngewaeun pisan.

„Haju pindah ah, puguh deui di warung mah bau  
oge bau sate ngeunah<sup>2</sup> di daharna".

Atuh tiluanana terus ngaleos ninggalkeun Masitol  
pok teh Ondo ngomong!

Haj gembel, ulah didieu atuh ari leujeus hajang  
barang dahar mah tuh ka kapar! tunda heula badju  
ambéh batur teu bawen tarandjang we da manéh  
mah tuman di tarandjang lain ?.

Ngadenge omongan kitu mah Masitol beak kasa-  
baranana djung tjengkat neutep ret ka Barada ret  
ka Ursip terus ka Ondo.

„Kunaon slah make melong sagala rupa ?" tjeuk  
Ursip molotot ka Masitol.

„Kunaon andika ngahina ka kula naha kula teh  
nu gelo make djeung nitah di tarandjang sagala,  
djeung na deui andika teh teu perlu ngahina kitu sa-  
bab kula lain budjang lain bahu andika kula teu di  
urus teu di tjukup ku andika na omongan teh sa-  
ngeunahna pisan padu ngong teh enjaan abong biwir  
teu di wengku abong letah teu tulangan, di abur we  
omongan teh.

Tjik atuh. ulah ngareken teuing ka sato, kula teh sarua djelema boga perasaan model andika kumaha mun andika aja nu ngahina teu pupuguh andika rek ngeunah moal, tangtu meureun moal genah, kitu— deui kula matak lamun rek ngomong teh kudu di pikir heula naha ngeunah katarimana ku batur ata wa moal, rasakeun timbang<sup>2</sup> heula ku sorangan sa memeh di kedalkeun teh!

Abong andika gagah kula rudin padu ngong we ngomong teh!" tjeuk Masitoh mani ngadegdeg tina bakatning ku napsu djung nangtung panon seukeut ngawaskeun kanu tiluan hareupeunana:

„Eit gembel<sup>2</sup> bisa ngomong siah, hajang di tampiling silaing teh hah!" tjeuk Ursip morongos.

Saha pidjalmaeunana nu hajang di tampiling teu pupuguh da andika oge meureun moal daek same- meh di tampiling batur tampiling heula pipi sorangan rasakeun njeri henteuna" tjeuk Masitoh.

„Kurang adjar enjaan wani siah!" tjeuk Ursip bari siet ngalugas bedogna.

„Tjatjag we lah gembel bau kieu mah sok Sip be resan!" tjeuk Ondo ngahatean atuh Ursip beuki asa aing komo nalawan nu bara maen tur awewe pisan mani asa pang aingna we sigana teh!":

Srog Ursip maju ka hareup mani gaja pisan ngan wae ku Barada di tewak di pegatan sabab Barada mah ngarasa era lamun kudu riributan djeung nu baramaen teh turun gengsi tjenah.

„Geus Ursip tong di lajanan . . . !"

„Sidik itu mah nu burung hajoh ku silaing di la wan gelo, geus we antep!” tjeuk Barada bari terus ngagusur Ursip di bawa indit, atuh Masitoh ngan bati ngageremet di tinggalkeun kunu tiluan teh ge regeteun dumeh teu bisa ngabudalkeun amarahna nu harita ngaléntab-léntab.

„Andika ulah njebut nu gelo, sanadjan pakean ku la rupa kieu oge ari pikiran mah tetep sehat, peu peupeuriheun pakean alus oge, pikirna kawas nu ku rang saeundan ngomong oge padu ngong teu ngara gap kana angen sorangan, tjk saha nu gelo teh ku la atawa andika?” tempas Masitoh.

„Di kadek siah!” tjeuk Ondo morongos.

„Di denge teuing lah sok buru Do, antep lah dje lema kitu patut mah” tjeuk Barada geus teu mairi ka Masitoh terus we ngaleos indit.

Masitoh teu ngomong deui bati ngahuleng ngage remet . . . kintjid manehna oge indit niatna rek nu turkeun nu tjuan.

Barada djeung kadua muridna geus nepi ka pasar sup arasup ka warung sangu gek, dariuk bubuhan lapar harita teh rek dalahar heula.

„Garingan tilu ming!” tjeuk Barada.

„Nu loba sambelna nu hidji mah!” tjeuk Ondo.

„Mangga kulan mangga ” tjeuk nu boga warung ritut ngaladangan teu lila tilu alas geus sadia, tjele- bek<sup>2</sup> tiluanana dahar semu nu ponjo nakeran teu tjukup ku sapiring komo Ondo mah di pelat hedjo.

Beres dalahar maraneh gantjang kaluar deui, pareng djeung kitu Masitoh oge datang ka dinja atuh Ondo djeung Ursip arambekun pisan, komo barang nendjo Masitoh melong wae ka maranehna mah.

„Si gembel nuturkeun kadieu Sip, enjaan meureun euj hajangeun di warah tah mangkejuk teh” tjeuk Ursip ka Ondo.

„Heueuh euj, tjatjakan mun di halangan ku dju ragan guru mah, tadi oge ku dewek geus di siksa keun we lah antep Do” tjeuk Ursip.

„Eta tuda euj mani molotot wae, bet asa ditang tang tarung dewek mah euj”.

„Wah. kaera era gelut djeung nu baramaen, meunang teu meunang pudjian da tjeuk batur teh pantas meunang oge da kanu baramaen nu leuleus ka tambah awewe deuih, komo eleh mag wirang pisan turun we daradjat urang teh” tjeuk Ursip.

„Heueuh euj sing sarwa bingung ari hate mah ma ni panas kieu euj dewek teh” tjeuk Ondo.

„Hajoh keur naraon heula ieu teh kalah ting haruleng?” tjeuk Barada bari neuteup ka Ondo djeung ka Ursip dumeuh wae ti tadi di adjak indit kalah ting haruleng kawas nu keur ngalamun

„Ieu djuragan guru si gembel nu tadi tea nuturkeun tuh geuning mentjrong wae kawas nu nang tang ngadjak ngesang” tjeuk Ursip.

„Mana? ah itu geuning bisaen dahar di warung? bogaeun duit kitu eta teh?” tjeuk Barada.



„Biasa we djuragan guru. nu baramaen kitu mah mulungan sesa kuah beukah ari kudu majar mah ti mana teuing duitna” tjeuk Ondo.

„Kadjeun ..... haju ah” tjeuk Barada ngadjakan bu ru<sup>2</sup> indit ti dinja.

„Panasaran djuragan guru abdi mah ieu damdal leu ngeun mani ararateul . . .” tjeuk Ursip bari ngasah dampal leungeuna.

„Lawanan teuing lah nu gelo ieuh . . haju bnu<sup>2</sup> tjeuk Barada deui teu sabar.

„Keun engke lah mun panggih deui rarasakeun si ah gembel” tjeuk Ondo kukulutus aai Masitoh terus mentjrong tapi teu daekn jampeurkeun padshal hate na mah ngagegedur napsu . . .

„Heug ku aing di sabaran mun panggih deui heug ngahina samodel ajeuna ulah sambat aing oge mo al tjitjingeun . . da pasti panggih deui sabab mara neh sarua tudjuan djeung aing sarua nudju ka We tan” tjeuk gerentes hate Masitoh.

Ari Barada djeung kadua muridna ngagedig ka Wetan keun neruskeun lajampahanana rek neangan Santana djeung Lesmanawati . .

—oO★Oo—

Malikan deui dongeng Santana — ti saentasna bisa lolos tina udagan Barada, Santana djeung Lesmanawati terus ka Wetan, uepi ka poe harita teh dje djeg geus sabulanna, dina waktu nu sakitu lilana teh, puguh matak hese barang dabar mun teu mawa duit mah untung wae Lesmanawati bebekelan da ngedjat ti imahna teh bari mawa duit bogana nu lain saeutik.

Santana djeung Lesmanawati njewa hidji imah nu kaitung rada oge mewah, hirup duaan tapi sanadjan saimah, sanadjan unggal poe panggih oge' Santana bisa ngadjaga dirina gaul sabiasana teu ngaleuwihan wales<sup>2</sup> nu geus ditangtukeun' sakumaha tjarana nu tjan sjah kawin' puguh ari Lesmanawati mah katempuna teh siga we teu sabar malah sering pisan menta putusan ti Santana sangkan gantjang<sup>2</sup> kawin.

Tapi Santana teu bisa njatudjuan, sabab manehna masih keneh sieun ku Barada komo ieu Lesmanawati teh lain indit satjara hade tapi diusir ku Barada djadi pasti Barada bakal teu njatudjuanana teh ongkoh deuih Barada teh sakitu mikangewana.

Kusabab kitu Santana tetep aja dina pamadeganana, sangkan Lesmanawati aja dina kasabaran ambek banglas dina rumah tanggana.

Harita teh pasosore, Santana keur diuk di tepas hareup. gigireunana katempo Lesmanawati, siga<sup>2</sup>na mah maranehna teh keur ngobrol, sakapeung seuri sakapeung noel mani siga nu sono pisan.

„Kang . . . ?” tjeuk Lesmanawati bari neuteup.

„Aja naon njai?” tembal Santana.

„Sanes geura tuang atuh kang; da parantos sonten geuningan ieu teh” tjeuk Lesmanawati.

„Keun we njai engke, puguh areungap keneh eng kang teh, apan tjikeneh neda teh

„Tuda mani ngalamun wae engkang mah? ngalamunkeun naon atuh engkang teh?”

„Njaeta njai, mikiran kaajaan urang, geura we e mut ku njai, naha bakal senang lamun urang terus terusan kieu, hirup henteu tenang loba kasieun gede kahariwang sieun itu tea sieun ieu tea, malum atuh nji urang teh keur buron ari pokona mah eng kang teh sieun ku tuang rama” tjeuk Santana.

„Ah sawios tuh kang teu kedah teuing di emutan da pun bapa mah tos sakitu buktosna sanes urang anu salah” tembal Lesmanawati.

„Bener njai, ari teu salah tea mah tapi engkang jakin tuang rama bakal ngunek? boa ajeuna oge tuang rama teh ngaprak neangan ka urang”.

„Sawios atuh mihringan mah, sieun kunaon engkang teh eta sieun dibinas; keun abdi tanggung waler kang sanaos leres ka bapa ari bapa nu lepat mah abdi oge wani ngalawanna” tjeuk Lesmanawati.

„Goreng njai ari urang ngalawan ka sepuh mah da sepuh mah lain lawaneun, di lawan matak doraka ka urangna” tjeuk Santana.

„Ari atos bade kumaha ari sepuh gaduh niat rek binasa ka urang? naha kedah tjitjing bae pasrah diri?” tjeuk Lesmanawati bari neuteup.

„Saena mah kedah di tebihan heula supados teu djadi bentrok, keun sugan engke andjeuna sadar.

„Ah lami atuh kang, sareng karagok we ka abdi na oge upami urang teras abur<sup>2</sup>an mah.

„Kagok naon njai?” tjeuk Santana.

„Muhun kagok we . . . bet teu tiasa bebas angot batin abdi langkung ka siksa kang”.

„Ke engkang mah teu ngartos, naha kasiksa teh kasiksa kumaha?” tjeuk Santana nanja deui semu nu heraneun pisan, di tanja kitu teh Lesmanawati ngadilak, njeh wae imut mani ngagelenju.

„Bet kalah imut deuih njai mah;

„Tuda mani sok api<sup>2</sup> was engkang mah.

„Ari engkang teu terang kedah kumaha, matak naroskeun oge engkang teh hojong terang.

„Tuda ajeuna oge abdi mah mani parantos ka siksa ti ngawitan pendak sareng engkang dugi ka ajeuna batin abdi ka siksa komo upami kedah teras<sup>2</sup>an mah ampun teu kiat kang sae nemahan pati we abdi mah” tjeuk Lesmanawati bari ret deui neuteup burilak panona ngaburilak biwir semu nu ambutjuj semu nu kareueut teh ting belenjeh imut.

Ari Santana, angot kalah beuki teu ngarti naon nu dimaksud ku Lesmanawati teh? ma'lum nu munggaran gaul djeung modjang masih keneh polos tjan boga pangalaman pisan.

„Oh djanten njai teh ulim sasarengan sareng engkang, da upami teras sasarengan mah batin njai teh kasiksa tjeuk Santana.

„Sanes kitu kang, sanes abdi alim sasarengan pu guh abdi mah, hojong kanggo saterasna sasarengan sareng engkang teh” tembal Lesmanawati.

„Naha atuh bet ngaraos kasiksa sigala? terus terang we njai engkang mah teu ngartos”.

„Engkang kahojong abdi mah sanes hojong teras sasarengan wungkul, nanging hojong sakantenan aja dina hidji beungkeutan, hojong langkung ti ajeuna da ari kedah kieu wae mah, abdi teh ngaraos teu kiat kang, teu kiat nahan perasaan abdi nu sakieu ngagegedurna, ti ngawitan pendak abdi tos mitjinta ka engkang, djanten kahojong teh, urang teras nikah enggal<sup>2</sup> supados abdi na tenang.

Duh engkang batin abdi teh ruksak ngemutan ka hojong hate nu teu atjan laksana, saupamina kedah lami deui ngantosan atuh abdi teh langkung<sup>2</sup> engkang kumargi kitu abdi hojong enggal<sup>2</sup> kang.

Engkang naha engkang reh teu tjinta ka abdi? tjeuk Lesmanawati bari neutaup anteb gebeg Santana ngagebeg barang ngadenge omongan Lesmanawati kitu teh terrr wae hatena ngeleper.

„Njai . . . engkang oge tjinta ka njai teh” tembal Santana mani haroshos.

„Saupami leres engkang mikatjinta ka abdi enggal atuh kang urang nikah da abdi teh mani tos teu ki at upami teras<sup>2</sup>an kieu teh, ka abdina mani asa ka raragok. geura wae bade kitu bade kieu teh rume gag bae, rumaos teu atjan nikah, padahal batin ab di mah mani tos teu tiasa di sabar<sup>2</sup> abdi hojong geura enggal<sup>2</sup> kumawantun ka engkang.

„Njai! tjinta njai ka engkang moal aja bentena sa reng tjinta engkang ka njai sami engkang oge njai mung bae ari kedah nikah enggal<sup>2</sup> mah sanes eng kang alim sanes engkang bade niat ngan ukur heu reuj atanapi bade ngaheureujkeun tobat njai engkang teh teu pisan<sup>2</sup> da ari hate mah engkang katjida h<sup>a</sup> jangna mung bae engkang teh seueur keneh kasieun geura mangga ku njai emutan.

Ajeuna urang nudju kakaburan boh njai boh eng kang sami tebih ti sepuh upami urang bade nikah e ta teh kedah aja wakilna geura saha nu bade nga walian ka njai? sanaos aja wali nu ngawakilkeun o ge kumaha rumah tangga urang djantena upami di satru ku sepuh komo deui urang mah di pimusuh pisan dugi ka bade dibinasa.

Kitu deui engkang piraku engkang kawin kalawan teu direstuan ku ibu rama? tah kumargi kitu mugi wae njai sabar sing pertjanten wae ka engkang da upami tos beres perkara ieu mah tangtos engkang ngabulkeun kana kahojong njai”.

„Ajeuna mah wajahna njai sing sabar, sanes engkang alim, nanging engkang sieun kana akibatna tjeuk santana bari neuteup ka Lesmanawati.

„Engkang . . . naha engkang teh teu hawatos ka abdi?. bade iraha deui atuh engkang masihan buktos kana katjintaan engkang ka abdi teh?” tjeuk Lesmanawati bari njekelan leungeun Santana.

„Sanes teu hawatos mung kumaha atuh da engkang teh teu tiasa, ngalanggar larangan Agama, emh njai saenjana mah kieu we atuh kumaha upami njai njuhunkeun heula Widi ka tuang rama upami tos di salujuan nembe urang nikah.

„Duh engkang abdi mah teu wararantun teuing apan pun bapa teh sakitu mitjeutjeubna ka urang kumaha upami abdi kaditu teras abdi di binasa atanapi teu kenging nepangan deui ka engkang? panginten abdi teh langkung balangsak nja ku pun bapa di ben duan nja tebih sareng engkang tjeuk Lesmanawati semu ngalimba.

„Djep sakedapan mah djarempe euweuh nu njara rita ret Santana ngareret gap leungeun Lesmanawati ditjikel terus diusapan semu nu deudeuh nakeran da memang atuh Santana teh mikatjinta tur mibeurat pisan ka Lesmanawati teh, ngan wae manehna pengkuh kana pituah bapa taat kana Agama djadi teu wani ngalanggar njeun nirtja nu dilarang ku Agama ari Lesmanawati sasat geus poek tina ku gedena katjintaan matak ku Santana terus dibere we djangan<sup>2</sup> sangkan sadar

Gelebe Lesmanawati ngagelehe kana awak Santana, djung beungeutna tanggah neuteup beungeut Santa na bari pokna teh.

„Duh engang kedah sabaraha lami deui atuh abdi nanggung ieu panjiksa teh.

„Njai wajahna sing sabar ari nu sabar tea ahirna sok subur' ajeuna urang teu tiasa laksana gara<sup>2</sup> nu djadi sepuh tapi mudah<sup>2</sup>an sepuh urang tiasa enggal<sup>2</sup> sadar, supados urang tiasa enggal ka bale njungjung" tjeuk Santana ngabeberah.

„Kumaha upami pun bapa keukeuh wae teu ngalujuan?" tjeuk Lesmanawati.

„Moal njai, da tuang rama oge moal tetep angger aja dina pamadegan nu ajeuna ajeuna andjeuna nudju poekeun dumeh ka barung kagendam ku napsu sjetan tapi upami andjeuna tos sadar tangtos emu tanana robih tong salempang nji dina hidji waktos tangtos tuang rama tiasa sadar deui.

Kumargi kitu ku urang ulah di lawan ku kasar sidik itu mah nudju ngaladjur napsu sjetan heug ku urangna di jajanan puguh ributna teh pasti we kedah aja nu tjilaka . . . tah teu aja deui djalan ngaleungitkeun bahaja mah iwal ti urang kedah nge lehan awios ngadjauhan da urang sanes niat ngalawan ka sepuh. Tah kitu nji kumaha kahartos heun teu ?" tjeuk Santana bari imut njuh Lesmanawati oge imut ngagelenju manehna kakara sadar tina ka selahanana.



Sumutun engkang, di emut<sup>2</sup> mah tjariosan eng—  
kang teh leres pisan teu aja lepatna, abdi we eng  
kang nu lepat mah, emh engkang hapunten abdi kang  
tjeuk Lesmanawati.

„Teu nanaon njai, nuhun we ari njai tos sadar  
deui mah” tembal Santana.

„Mudah<sup>2</sup>an we atuh nja engkang, punbapa teh sing  
leler manahna”.

„Nja mugi<sup>2</sup> we njal Pangeran nangtajungan’

„Kang?” tjeuk Lesmanawati deui bari tanggah neu  
teup, biwir nampeu dina biwir Santana’

„Aja naon?

„Lesmanawati teu nembalan kalah duk bae njuuh  
kana dada Santana, atuh puguh Santana mani njeb  
lak, seak sakudjur awak karasa tingsariak kukura  
jeun hate ngeleper, djadjantung ratug bet kawas a  
ja anu ngeundeurkeun

Lalaunan Santana njengkatkeun beungeut Lesmana  
wati, terus gadona ditanggeuj bari diteuteup mani  
anteb nakeran, ari Lesmanawati terus tanggah ba  
ri ngasongkeun biwirna nu ambutjuj

Teu karasa, njaho<sup>2</sup> pel wae biwir Santana teh  
nindihan biwir Lesmanawati, tjelepot dua pasang  
biwir silih seuseup silih kenjot sedeng hate ma  
sing<sup>2</sup> mani ngalentab kaduruk ku seuneu asmara  
ngan wae teu kamalinaan dumeh duanana geus ku  
at iman teu bisa kaganggu atawa kagoda ku pango  
lo sjetan nu mawa kana nirtja

Porosot leungeun Santana nu meulit dina tjangkeng Lesmanawati teh morosot lesot, renghap dua nana ngarenghap semu nu sugema.

„Kang geura tuang heula atuh kang” tjeuk Lesmanawati bari menerkeun sampingna.

„Ari najai tos tuang teu atjan ?” tjeuk Santana,

„Teu atjan!” tembal Lesmanawati.

„Haju atuh urang sareng” tjeuk Santana bari djung manehna nangtung.

Kolojong duanana katukang brak dalahar semu nu ni'mat. beres dahar Lesmanawati terus beberes ari Santana terus diuk deui di patengahan bet kalah terus ngalamun pikirna teh kumalajang rus ras inget kana kadjadian nu geus kaalaman ras inget ka indung bapana! srek hatena karasa peurih asa di be set rasa dendam timbul deui ngagegedur manasan kana sakudjur awakna.

—ooOoo—

Isukna isuk<sup>2</sup> kakara Barada datang ka kampung tempat njumpurna Santana, kitu deui Masitoh, teu lila oge geus datang kadinja.

Demi harita Lesmanawati keur aja dipasar nga don balandja, ari Santana aja di imah ngadagoan.

Barada, Ursip djeung Ondo, laleumpang ngurilingan lembur. bari panon seukeut pisan ret ka kentja ret kakatuhu teu paja aja nu sarimbag djeung Santana ku maranehna terus disampeurkeun nepi ka loba djelema nu ting polohok hareraneun.

Tiluanana geus deukeut ka pasar reg ngarandeg dina saung nu geus teu dipake dariuk ngaleungit — keun heula katjape sigana mah.

„Nu tadi mah sugan teh enja si Santana boro gampleng we euj Do, ku dewek teh ditampiling” tjeuk Ursip bari pepeta.

„Katjida teuing we silaing mah Sip da ari dewek mah gok ditempo heula njaeta bisi njalahan kuma ha maneh mah djol gampleng wae sakitu ka aki<sup>2</sup> emh katjida maneh mah Ursip” tjeuk Ondo bari nja rande kana tihang pelenjun udud panona mah terus ngawaskeun ka djalan njidikeun sakur djelema nu harita ngaliwat.

Pusing tuda euj sok terus we napsu teu pupu-  
guh, geura we geus sabaraha heubeul urang kukuri  
lingan neangan si Santana teh? kalah tjapena wung  
kul, da euweuh hasilna, tungtungna teh djadi aral  
euj" tjeuk Ursip luh lah ngarahuh.

„Naon Ursip?" tjeuk Barada njentak.

„Ah henteu djuragan guru ieu we abdi mah leu  
leus sun" tembal Ursip rada ngeleper.

„Kadengena silaing geus aral? naha geus embung  
siah diparentah kunu djadi guru teh?" tjeuk Bara  
da siga nu ambekeun pisan,

„Teu, teu pisan? djuragan guru, sanes aral sun ab  
di mah, eta emah parantos leuleus hojong di beng  
sin sun" tembal Ursip,

„Heueuh silaing mah kana lebokeun wae Ursip  
si djago lebok we sugan mah!" tjeuk Ondo

„Perlu tuda Do, teu dibengsin mah rek aja tanaga  
timana, ari nanaon teh sok api? teu hajang sarua we  
atuh ari beuteung karet mah" tjeuk Ursip bari nga  
reret ka Ondo

„Gandeng, ribut lebokeun we wajah kieu kira? a  
tuh da ieu teh isuk kaneh!" tjeuk Barada njentak  
deui, atuh djep Ondo djeung Ursip djarempe dua  
nana ting kelemes bari ngadegdeg.

„Haju indit deui, engke tuh diditu dalahar mah"  
tjeuk Barada bari djung tjengkat nangtung Ondo  
djeung Ursip oge milu tjenkat, barang tiluanana rek  
ngalengkah, pok Ondo ngomong siga nu teu sabar  
dumeh nendjo aja Lesmanawati

„Djuragan guru aja, nden Lasmanawati djuragan guru?" tjeuk Ondo bari nundjuk' lar harita teh Lasmanawati ngaliwat ka dinja.

„Mana? tjeuk Barada.

„Tuh djuragan nu ngadjingdjing djingdjingan tjeuk Ondo mani ngatjir' wae tjurukna teh.

„Heueuh euj dimana nja tjitjing na? tjeuk Barada bari ngahuleung siga nu keur mikir.

„Tangtos moal teubih ti dieu djuragan guru.

„Pasti euj si Santana oge aja di sakitar dieu ha ju ajeuna mah urang tuturkeun" tjeuk Barada bari gedjlig turun, laleumpang tukangeun Lesmanawati nu harita teh rek balik tas ti pasar.

Ari Lesmanawati teu boga tjuriga pisan manehna djongdjong leumpang teu karasa geus nepi ka buruan imahna, kasampak Santana aja di luar gantjang ma pagkeun nu anjar datang.

„Mani sakedap pisan nji kapasar teh"? tjeuk Santana bari njokot djingdjingan tina leungeun Lesmanawati.

„Manawi kang abdi teh dadak'an bet teu raraos hate, seseblakan wae supados nu ngawirasatkeun bade aja musibat ka urang duaan" tembal Lesmanawati semu nu leuleus nakeran.

„Ah tong sok ngemut a nu kitu, sok enggal ka lebet, urang masak anggur mah!" tjeuk Santana bari nungtun Lesmanawati di bawa kadjero kolojong duanana kadjero imah, terus langsung muru ka dapur rek masak.

Ari Barada, Ondo djeung Ursip keur ngarintip sa tukanggeun tangkal kai, nu teu djauh ti imah Santana

„Bener teu salah pisan, didieu geuning tjitjingna teh”! tjeuk Barada.

„Urang enggal<sup>2</sup> sorobot we djuragan guru, dilam keun mah bilih kabudjeng ngedjat deui” tjeuk Ursip siga nu teu sabareun nakeran.

„Haju, tapi ati<sup>2</sup> nja, maraneh ulah sologoto” tjeuk Barada bari terus muru ka imah Santana ditutur keun ku Ondo djeung ku Ursip.

Barang geus asup ka buruan, reg ngarandeg heu la rarat reret siga nu sieun kanjahoan kunu boga imah saenggeus tetela euweuh nu nempokeun sup tiluanana asup trak<sup>2</sup> . . Barada keketrok.

Gebeg Santana djeung Lesmanawati ngagebeg reu was dumeh tara tisasari aja semah.

„Saha njai tjobi tinggal kapajun!” tjeuk Santana bari ngalieuk kahareup.

„Duka atuh kang! ke urang tingal tjeuk Lesmana wati bari djung tjengkat terus kahareup.

Braj panto dibukakeun ku Lesmanawati ari bra- ari gebeg Lesmanawati ngagebeg panon olohok ba ri awak ngeleper sabab nu aja hareupeunana teh Ba rada bapana djeung Ondo katut Ursip

„Ba . . bapa?” tjeuk Lesmanawati

„Bener bapa emh ngeunah<sup>2</sup> we nja njai didieu pa duduaan djeung si Santana? hajoh kaluar tjeuk Ba rada bari newak leungeun Lesmanawati terus di be dol di kaluarkeun

„Tjekelan Ursip ulah sina odjah, dewek rek nga beresan heula lalakina”.

„Mangga djuragan guru” tjeuk Ursip djeung Ondo bari newak njekelan Lesmanawati, teredjel Lesmanawati meredjel, tapi teu ieuh bisa lesot sabab ku Ondo djeung ku Ursip ditjekelan pageuh pisan.

„Hej Santana, kaluar andika, ulah ngahekok wae dikamar siah” tjeuk Barada sorana tarik. puguh Santana mani ngagebeg. djung nangtung hate geus teg boga tjuriga, kolojong manehna kahareup, barang nempo diluar geusngadjega Barada teh, kareuwasna beuki nambahan, ret ka Lesmanawati geus teu bisa odjah ditjekelan ku Ondo djeung ku Ursip.

„Bapa?” tjeuk Santana.

„Emh pandjang keneh umur andika teu sangka andika bisa tahan kana ratjun tapi ajeuna mah andika ulah rek sambat kaniaja ajeuna andika bakal di podaran ku kula! sabab andika geus tambah njeun deui dosa anak kula make dibabawa naha silaing teh tukang maling parawan hah?” tjeuk Barada mani kekerot siga nu geregeteun.

„Teu rumaos pa! abdi teu kumawantun kitu sau pami bapa teu pertjanten mangga wae taroskeun ka tuang putra naha abdi nu maksa ngabantun tuang putra atanapi tuang putrana nu keukeuh hojong ngiring ka abdi nanging kitu oge abdi teu midamel nirtja tuang putra teu aja robihna sing perijanten wae ka abdi” tjeuk Santana ngadjelaskeun.

„Sabenteuna siah paduduaan didieu, bebas bergaul siah kurang adjar“ tjeuk Barada deui.

„Henteu pa, piraku deui abdi kersa midamel kitu mah, henteu pa, kang Santana mah teu gaduh dosa abdi nu dosa mah, abdi nu lepat mah margi abdi nu maksa hojong ngiring ka andjeuna“ tjeuk Les manawati hajang diandel.

„Gandeng, Lesmanawati, bapa mah lain ambek ku perkara eta, jeuh Santana ajeuna ku maneh pikir<sup>2</sup> nu mateng, naha mending paeh atawa mending hi—rup?“ tjeuk Barada.

„Saha pidjalmaeunana atuh pa nu palaj maot ko mo ieu dibinasa, abdi oge tangtos alim“ tembal Santana bari siap<sup>2</sup> ngadjaga sagala kadjadian nu bakal tumiba, srog pasang kuda<sup>2</sup> tjaringtjing pageuh kan tjing saringset pageuh iket.

„Lamun maneh hajang salamet sok kadieukeun geura pasrahkeun ka dewek Pusaka Kudjang Padja djaran teh“ tjeuk Barada bari madju kahareup nga deukeutan Santana, nu harita oge geus turun kaburuan malah geus siap pasang sagala

„On punten wae pa abdi teu tiasa masihkeun margi ieu mah wasiat ti pun bapa“

„Rek dibikeun moal hah?“

„Rupina mah moal tiasa kapasihkeun pa“

„Hajang modar maneh teh?“ tjeuk Barada mani nga degdeg, huntu kekerot napsu ngagegedur, amarah na mani geus nga- lentab<sup>2</sup> srog deui madju kaha—reup



„Ari paeh mah alim, mung ari kedah masihkeun ieu Kudjang mah, abdi teu tiasa ..... ieu Kudjang teu benten sareng njawa abdi, sanaos ku saha oge di suhukeunana, abdi moal masihkeun, malih wadjib abdi mempertahankankeunana” tembal Santana.

„Kurang adjar ! njata<sup>2</sup> milih modar nja maneh mah? awas siah” tjeuk Barada bari ngalugas bedogna, siet<sup>2</sup> bedog teh di koletjerkeun.

„Bapaaaaa!” Lesmanawati neredjel niatna rek nga halangan Barada tapi teu leuh bisa lumpat da ku Ondo djeung ku Ursip teu di lesotkeun.

„Tjitjing Lesmanawati bisi di podaran siah” tjeuk Barada geus teu noli ka anak, siet bedogna diangkat ka luhur sebrut naradjang, maksudna tek ngarah heuheung Santana tapi Santana oge teu tjitjing eun samemeh bedog Barada keuna kana awakna manehna geus miheulaan luntjat ngalengkahan Barada maksudna rek milih tempat nu lega.

Atuh hiuk bedog Barada ngahiuk njabet angin barang malik tetela Santana geus aja di beulah ditu atuh puguh napsu Barada beuki ngagedur era wirang tjenah lamun nepi ka kudu di djieun ka ulinan ku budak pantar Santana mah.

Srog Barada pasang deui panon seukeut ngawas keun Santana, siet<sup>2</sup> bedogna di koletjerkeun ting hariuk sorana teh maték paur, tapi Santana katempuna tenang pisan djauh tina ka geumpeur sumawo na bo<sub>g</sub>a rasa sieun mah.

„Awes eiah kunjuk! bakal paragat ajeuna mah njawa maneh teh”.

„Bapaaaaa ! ulah ngabinasa kang Santana paaaaa aduh bapaaaa” tjeuk Lesmanawati ahirna manehna oge djadi napsu . . .

Sebrut Barada naradjang, sedeng bedogna muni sakilat ngalajang kana sirah Santana . . .

Aduhhhhh bapaaaaaaza . . .

Kumaha terasna? sumangga antos wae me-  
dalna djilid anu ka sabelas.

**HANTJA**



